

1

### Tanou sa foudeun kat

Amna sola torop nga tane sa foudeun kat bou bakh. Nagua wakh ak mome pour khame ndakhe ligueyame worna si mome ak yaw mimouye foudeun sa yaram.

2

### Aay dioumtou wayames

Linou si tamou, moy pouocco yi, ndokhoum foudeun bi ak fi niou khoy soti nek you bess sa souné mouye foudeun. Boudé lolou menoul nék, nakoy bakhal fouki minite ak diourom ak dokhou eau de javel. Bou paré wowalko ak morssou bou set ak alcoohol. Amna solo tamite kiye déf ligueyebi di sol ay gants wou latex si lokhom sa bouye tambali.

3

### Ndokhoum foudeun

Ndokhoum foudeunou yaram tamit mena nek yonou wal diangoro. Li thi gueun moy mou nek ndokhoum foudeun bou bess, wanté li thi eupe si cassou yi diagnou koy défar ak yénéni dioumtou way you bakhoul. Del fékhé tamit dioumtouwaye yi set, gnou bakhalone ko ak eau de javel. Ndok miguene di dieufeundiko guene bakhal ko, té lépeu nék si bol bous set tamite.

4

### Ligueyou Foudeunkhate

Ligueyou foudeunkhate tamite amna sola wakhléne risk yi thi nek. Amna sola ligueyou bi gnou koy défé fou tape talekou, pour ndokhou foudeun bi di tourou. Amna sola tamite, moytou dial couchou derou yaram mou nit ki. Bo moytou woul niarry dieuf dieuf yo you, mena yok risk walanté diangoro, wala mou wagni bakhayou sa ligueyou.

Boudé yagui khalate doudeune sa yaram ak pingou, li guen moy nga diokh sa yaram kou kharagne si ligueye bi.

War nga khamné warna tope ay ponkous set pour moytou gnou wale la ay febar you melni hépatite wala VIH. Dinagnou diéme dioukhla ay ponkous ba bokoye def mou nek si anam bou wor te michou si ayib.



5

### Bo Foudeuno ba paré

Sa so paré sa ligueye you foudeun, na nga sani sa mbalit bi nga dan ligueyé béne yone. Moytoul diko difeudiko wat para moytou wale diangoro yénéni nits. Amna sola torop ngaye rakhasse fi gnou foudeun si sa yaram ak dokh ak sabou, bo paré nga mour ko ak morssou gaz boy changer bess bou né. Dirou wér wér bi mena tardé bathi niarry semaines. Ay wayw dinaye khassane, lo lou firdé la que migui wér bou bakh. Amna sola torop ngaye moytou di khassanou bala mo woulekkou fignou foudeun wala sopi couleurs yi wala dessin yi. Amna tamite sola diko diw ak diwou yaram bou bakh pour moytou khassane yi. Fékhél mou worla que diw bigaye dieufeudiko bakhna si sa yaram, té bou bess la pour ben dioumtouwaye.



grupo de  
trabajo sobre  
tratamientos del VIH  
ENTIDAD DECLARADA DE  
UTILIDAD PÚBLICA  
ONTO DE DESARROLLO



COLABORA



SUBVENCIONA



Diputació  
Barcelona

ÀREA DE BENESTAR SOCIAL

Ajuntament de Barcelona

ÀREA DE QUALITAT DE VIDA,  
IGUALITAT I ESPORTS

Generalitat de Catalunya  
Agència de Salut Pública  
de Catalunya



Generalitat de Catalunya  
Departament  
de Justícia

